Ассаламу гIалайкум!

# АХИХЪАН

№ 33 (7434)
27 Август 2020 сон
Хамиз
sadovoduns@yandex.ru
Багьа эркенаб

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

# ЦIалул соналде хIадурго руго

(Унсоколо районалъул администрациялда гьоркьоб лъуна цIияб 2020 – 2021 цIалул соналде бугеб хIадурлъиялъул суал)

ХIадурлъиялъул хIакъалъулъ гьоркьоб лъей ана кIудияб чIаголъиялда. Гьаб унеб сон лъиениги бигьаяб букIинчIо, жеги бичIулеб гьечIо коронавирусалъул кIиабилеб карачел букIине бегьи яги районалъул школазда цIали гIодоре риччан бачине бегьилищали.

Данделъиялда гIахьаллъана районалъул бетIер ГI. НурмухIамадов, гьесул замал М. ХIамзатов, ГI. МухIамадов, финотделалъул нач. Ж. Шамсудинов, лъай кьеялъул отделалъул начальникасул ишал тIуралев М. ГIабдурахIманов, школазул ва ясли-ахазул нухмалъулел.

Къойил темаялде росун рукIана; цIияб цIалул соналде школал хIадури, цIа ккеялдаса школал цIуни, терроризмаялъул хIинкъиялдаса цIуни, ГИА – ЕГЭялъул хIасилал, школаздагун ясли-ахазда коронавирус тIибитIизе тунгутIи.



Лъай кьеялъул организациязул нухмалъулез бицана гьаб цIалул сон букIанин гIадатияб гуреб. Амма жеги гIодоре риччан чIезе бегьуларин.

«Жеги больницабазда руго унтарал гIадамал, цогидал районазда жеги цIикIарал руго унтаразул къадар. ГIадатияб гьечIо исанасеб цIалул сон байбихьи. Бугониги нилъ хIадурго рукIине ккола школал ва ясли-ахал рагьиялде, тIуразаризе ккола киналго рихьизариял», - ян бихьизабуна данделъиялда кIалъалаго муниципалитеталъул бетIерас.

Нухмалъулез бихьизабуна киналго хIадурлъиялъул хIалтIаби гьарун рахъанин, ругин гIиси – бикьинал жал хутIун. Гьабунин ремонт, букIинабунин цIа ккеялдаса цIуниялъе система, лъимал рокъор тезе кканиги, школалде рачаниги хIадурлъи бугин, ЕГЭ – ГИАялъул хIасилалги лъикIал кканин.

## Аппараталъулаб данделъи



Анкьил авалалда районалъул администрациялъул бетIер ГI. НурмухIамадовасул нухмалъиялда гьоркь тIобитIана аппараталъулаб данделъи. Гьенире росарал суалазул аслияллъун рукIана районалда лъай кьеялъул учреждениял цIияб цIалул соналде хIадури, гьединго республикаялдагун районалда эпидемиологиялъул рахъалъ бугеб хIал.

ккеялдаса цIуниялде. «Лъимал ккола нилъер букIинесеб, пачалихъалъул цебетIей бараб буго гьезул хIадурлъиялда, гьединлъидал дица нужеда лъазабулеб буго школал цIа ккеялдаса цIуниялде, лъималазе хинаб квен кьеялъул рахъалде кIвар кье», - ян.

Хадуб бицана республикаялда ва районалда эпидемиологияб рахъалъ бугеб хIалалъул.

Данделъиялда лъай кьеялъул отделалъул нухмалъулесул ишал тIуралев М. ГIабдурахIмановас лъазабуна цIияб цIалул соналде школал лъимал къабул гьаризе хIадурго ругилан. Гьес бихьизабуна цIалул соналде тIахьал ва цогидалги хIажатал жал чIезарун ругин, хIадурун ругин хинаб квен лъималазе чIезабиялъе помещениялги.

ГI. НурмухIамадовас тIад чIей гьабуна бищунго кIвар кьезе хIажат бугин школал цIа



## Ярмарка тIобитIизе буго

Араб анкьалда РДялъул Правительствоялъул Пред. А. Здуновас оперативияб штабалъул видеоконференция тIобитIана коронавирусалъул инфекция тIибитIараб заманалда регионалда экономикаялъул ва социалияб рахъалъ нахъе ккей букIунгутIиялъул суалгун. Гьениб бицана росдал магIишаталъул продуктабазул бича – хиси гьабулел гIадамазе ярмаркаялъулаб къагIидаялъ автолавкаби хIалтIизаризе рес кьун кумек гьабиялъул.

Гьенибго РДялъул предпринимательствалъул ва инвестиязул Агентствалъул нухмалъулев К. МухIамадовас лъазабуна Минсельхозпродалъгун цадахъ проект хIадурун бугин «Россия – моя история», историческияб паркалда ярмарка тIобитIиялъе.



«ХIалхьиялъул къоялъул форматалда гьениб ярмарка букIине буго минаялъул кIалтIа, кидаго хIалтIулеб бича – хиси букIине буго тарихияб паркалда аскIоб, имам Шамилил къотIноб. Гьенир рукIине руго СПоКаязул росдал магIишаталъул продуктаби ва цогидалги хIажатал жал. 10 автолавка арендаялъе кьезе бихьизабун буго Минсельхозпродалъе 50%ги кьун. К. МухIамадовасул рагIабазда рекъон тIоцебесеб ярмарка букIине буго I0 ноябралда.

Данделъиялда А. Здуновас бихьизабуна « Аслияб жо буго ярмаркаялде гIадамал рачIин, бизнесалъе абуни базаралдасан пайда босизе рес кьей. Гьениб продукция гIезабулезе гьеб бичизе эркенлъи букIине ккола». – ян.

**Ахихъан**

Районалъул газета
№ 33 (7434)
Хамиз
27 Август 2020 сон

2 гьумер

Ургъел бигьалъула гІакълу данд бани,
ГІалимавгун рекъон къойихъ балагьун.
ГІумру бигьалъула гьабизе лъани,
Лъай бугелгун ургъун, уяб ккунани.

Азбар – къоноялда малъалда хъурще,
Щивасда рекъараб рокъоб рацІцІалъи.
КъватІахъе унелъул ретІа – къан вукІа,
Къимат лъикІаб кьолин балагьараца.

**Инхоса ГІали – ХІажи**



Пачалихъияб кумек

# ХІалтІи гьечІезе - кумек

**Гьал къоязда нижер мухбир дандчІвана районалъул хІалтІудалъун гІадамал хьезариялъул Централъул вед. специалист МухІамадгІалиев Рашид АхІмадовичгун. Коронавирусалъул пандемиялда хурхун хІалтІи гьечІого хутІаразе пачалихъалъ гьарулел ругел кумеказул хІакъалъулъ гьадин бицана гьес:**

– 2020 соналъул 10 июналда къватІибе бачІараб Россиялъул Федерациялъул № 844 бугеб Постановлениялда рекъон хІалтІи гьечІого хутІарал гІадамал учеталда лъезе рес кьуна цебе букІараб архивалда рекъон. Гьедин учеталда лъуна 2000 гоялдаса цІикІун чи. Гьел гьабсагІаталдаги лъолел руго. Гьедин 1 маялдаса 1 августалде щвезегІан бесдал лъималазе ва хІалтІи гьечІого хутІарал гІадамазул лъималазе (16 сон бачІел лъимал) лъуна щивасе 3000 гъур. щвеялъе. Гьел моцІазда хІалтІи гьечІого хутІаразе кьолеб гІарац бахун букІана 4500 гъурущалде.

Сентябрь моцІалдаса нахъе байбихьун хадуб хІалтІи гьечІого хутІун учеталда ругезе кьезе бихьизабун буго моцІие 1500 гъур.

# Халкъалъе - цІиял бигьалъаби

Коронавирусалда хурхун ахирисеб нухалда Россиялъул президент В. В. Путиница гьабураб хит1абалда рихьизарурал цо – цо бигьалъаби.

- 2021 соналъул 1 январалдаса нахъе лъагІалие 5 млн. тІаде гІарац щолел гражданазе 15 % щвезегІан цІикІкІинабизе буго НДФЛ. Гьединаб цІикІкІараб магъало лъезе буго гражданинасул лъагІалил доходалъул 5 млн. тІаде араб гІарцул бутІаялда. Гьеб къагІидаялъ рес кьезе буго бюджеталде тІадеги 60 млрд гъурущ бакІаризе. Гьеб гІарац биччазе буго къанагІатал унтабаз унтарал лъимал сах гьаризе. ЦІияб закон хъатІулеб буго моцІие 416000 гъурущалдаса тІаде араб доход бугев чиясда. Ай, гІадатияб халкъалъе щибго хисизе гьечІо.

- Июль моцІалдаса байбихьун 2004 сонил 11 маялдаса 2020 сонил 30 июналде щвезеган гьарурал лъималазе цоги нухалъ цоцІул кьезе буго 10000 гъурущ. Цебеккун 3 сон базегІан ва 3-16 сонил лъималазе гІарац щваразе гьединго щвезе буго гьеб гІарацги, ай, цІидасан гІарза кьезе кколаро гьез. Жеги гІарцуда хадур рахъинчІез гьеб гьабизе бегьула рикІкІадасан (дистанционно) яги Пенсиязул фондалъул (ПФР) бакІалъулаб отделениялдасан.



- ГІатид гьабизе буго льготаялъулаб ипотека. ГьанжелъагІан 6,5 % льготаялъулаб ипотекаялда рекъон 3 млн щвезегІан багъа бугеб мина босизе рес букІараб батани, гьанже гъебго проценталда гъоркъ босизе бегьулеб минаялъул багъа цІикІкІинабулеб буго 6 млн. щвезегІан. Москваялда ва Санкт-Петербург шагьаразда- 12 млн. щвезегІан.

- Цоги 100 млрд. гъурущ биччазе буго предприятиязе ва гьезул хІалтІухъабазе кумекалъе. Гьеб гІарац ине буго зарал ккарал бутІабазул предприятиязе 2 % ставкаялда льготаялъулал кредитал кьеялъе. Компаниялъ яги предприятиялъ киналго штатал цІунани, гьеб налъи тІубанго нахъе хъвагІазе буго.

Социалиял учреждениязул (льималазул интернатал, херазул рукъзал ва гь.ц.) хІалтІухъабазе тІадеги кьолел гІарцал халат рахъине руго жеги кІиго моцІалъ — 15 сентябралде щвезегІан.

- Дагьлъизаризе руго 1Т - компаниязде налогал. Гьезул щвараб хайиралда льолеб налог, гьабсагІаталда бугеб 20% 3 % щвезегІан дагьлъизабизе буго, 14 % бахъараб 7,6 % щвезегІан дагьлъизабулеб буго гьезул страховоял взносазул ставка.

- Гьанжеялдаса жидерго ишалде вусарасул (самозанятый) статус щвезе рес буго 16 сон баралдаса. Гьелдаса пайда босизе рес буго 3 млн. чиясул. Гьединал гьанжего-гьанже жидерго иш байбихьулеб предпринимателазе тІадеги щвезе руго налогалъулал льготаби-1 МРОТалъул къадаралда «налоговияб капитал».

## УЧАСТКОВАЯ ИЗБИРАТЕЛЬНАЯ КОМИССИЯ №1484 С ПОЛНОМОЧИЯМИ МУНИЦИПАЛЬНОЙ ИЗБИРАТЕЛЬНОЙ КОМИССИИ МУНИЦИПАЛЬНОГО ОБРАЗОВАНИЯ «СЕЛО ХАРАЧИ» УНЦУКУЛЬСКОГО РАЙОНА РД

## РЕШЕНИЕ

26.08. 2020 г. № 8

### Об отложении голосования на выборах депутатов Собрания депутатов муниципального образования «село Харачи» Унцукульского района

Решением депутатов сельского поселения муниципального образования «село Харачи» № 6 от 22 июня 2020 года были назначены выборы депутатов Собрания депутатов МО «село Харачи» Унцукульского района на 13 сентября 2020 года. Зарегистрированы по указанному избирательному округу на 25.08.2020 г. остаются шесть кандидатов.

Всоответствии с пунктом 4 статьи 45 Закон Республики Дагестан от 06.07.2009 № 50 «О муниципальных выборах в Республике Дагестан» - если ко дню голосования в одномандатном (многомандатном) избирательном округе число зарегистрированных кандидатов окажется меньше установленного числа депутатских мандатов или равным ему либо если в едином избирательном округе будет зарегистрирован только один кандидат, список кандидатов или не будет ни одного зарегистрированного кандидата, списка кандидатов, голосование в таком избирательном округе по решению соответствующей избирательной комиссии откладывается на срок не более трех месяцев для дополнительного выдвижения кандидатов, списков кандидатов и осуществления последующих избирательных действий, за исключением случаев, предусмотренных частью 6 настоящей статьи.

Учитывая указанное требование закона и в соответствии с пунктом 4 статьи 45 РД Закона Республики Дагестан от 06.07.2009 № 50 «О муниципальных выборах в Республике Дагестан» участковая избирательная комиссия №1484 решила:

1. Отложить голосование по выборам депутатов Собрания депутатов МО «село Харачи» Унцукульского района для дополнительного выдвижения кандидатов и осуществления последующих избирательных действий на 15 ноября 2020 года.

2. Опубликовать настоящее решение в местной газете «Садовод».

**Председатель комиссии: Магомедов М.А.**
**Секретарь комиссии: Гаджиев Д.М.**

## УЧАСТКОВАЯ ИЗБИРАТЕЛЬНАЯ КОМИССИЯ №1500 С ПОЛНОМОЧИЯМИ МУНИЦИПАЛЬНОЙ ИЗБИРАТЕЛЬНОЙ КОМИССИИ МУНИЦИПАЛЬНОГО ОБРАЗОВАНИЯ «СЕЛЬСОВЕТ ИШТИБУРИНСКИЙ» УНЦУКУЛЬСКОГО РАЙОНА РД

## РЕШЕНИЕ

26.08. 2020 г. №8

### Об отложении голосования на выборах депутатов Собрания депутатов муниципального образования «сельсовет Иштибуринский» Унцукульского района

Решением депутатов сельского поселения муниципального образования«сельсовет Иштибуринский» №6от 23 июня 2020 года были назначены выборы депутатов Собрания депутатов МО «сельсовет Иштибуринский»Унцукульского района на 13 сентября 2020 года.Зарегистрированы по указанному избирательному округу на 25.08.2020 г. остаются семь кандидатов.

Всоответствии с пунктом 4 статьи 45 Закон Республики Дагестан от 06.07.2009 № 50 «О муниципальных выборах в Республике Дагестан» - если ко дню голосования в одномандатном (многомандатном) избирательном округе число зарегистрированных кандидатов окажется меньше установленного числа депутатских мандатов или равным ему либо если в едином избирательном округе будет зарегистрирован только один кандидат, список кандидатов или не будет ни одного зарегистрированного кандидата, списка кандидатов, голосование в таком избирательном округе по решению соответствующей избирательной комиссии откладывается на срок не более трех месяцев для дополнительного выдвижения кандидатов, списков кандидатов и осуществления последующих избирательных действий, за исключением случаев, предусмотренных частью 6 настоящей статьи.

Учитывая указанное требование закона и в соответствии с пунктом 4 статьи 45 РД Закона Республики Дагестан от 06.07.2009 № 50 «О муниципальных выборах в Республике Дагестан» участковая избирательная комиссия №1500 решила:

1. Отложить голосование по выборам депутатов Собрания депутатов МО «сельсовет Иштибуринский»Унцукульского района для дополнительного выдвижения кандидатов и осуществления последующих избирательных действий на 15 ноября 2020 года.

2. Опубликовать настоящее решение в районной газете «Садовод»

**Председатель комиссии: ГаджиеваП.М.**
**Секретарь комиссии: Магомедова З.Г.**

**Ахихъан**
Районалъул газета
№ 33(7434)
Хамиз
27 Август 2020 сон

3 гьумер

# Садовод

Страница в номере



Беседа

# О важности диспансерного наблюдения

Болезнь легче предупредить, чем лечить – это знают все. И профилактические мероприятия, которые проводятся в соответствии с направлениями государственной политики в сфере здравоохранения нацелены именно на предупреждение заболевания или его дальнейшего развития.

В условиях, когда 75% всех причин смерти населения в Российской Федерации определяют хронические неинфекционные заболевания(ХНИЗ), особое значение придается реализации эффективной системы профилактики этих заболеваний. Профилактика должна стать ключевым шагом в борьбе с хроническими неинфекционными заболеваниями (ХНИЗ).

Однако выявление хронических неинфекционных заболеваний - это только первая часть решения проблемы. Не менее важная и наиболее трудоемкая задача – это обеспечить эффективное, длительное диспансерное наблюдение выявленных больных с ХНИЗ и лиц с высоким риском их развития. Диспансерное наблюдение, наряду с диспансеризацией и профилактическими медицинскими осмотрами, проводится для пациентов бесплатно по полису ОМС. Финансовое обеспечение профилактических мероприятий осуществляется за счет средств обязательного медицинского страхования.

**Что такое диспансерное наблюдение, и как оно проводится?**

— Диспансерное наблюдение — это необходимое периодическое обследование пациентов, страдающих хроническими заболеваниями, а также находящихся в восстановительном периоде после перенесенных острых заболеваний. Оно проводится для своевременного выявления или предупреждения осложнений и обострений заболеваний, их профилактики, а также для эффективной реабилитации после перенесенных недугов.



**Как человек должен узнать, что ему положено пройти диспансерное наблюдение?**

— Наличие оснований для проведения диспансерного наблюдения определяется врачом. О необходимости прохождения диспансерного наблюдения застрахованных лиц информируют тмедицинские работники и представители страховых медицинских организаций (посредством смс - сообщения или телефонного об звона).

**При каких заболеваниях положено диспансерное наблюдение?**

— Диспансерному наблюдению подлежат граждане, стоящие на учете у какого-либо медицинского специалиста из-за состояния своего здоровья. В соответствии с показателями здоровья на диспансерный учет ставятся лица:

• с определенными хроническими заболеваниями (неинфекционными и инфекционными);

• с высоким риском развития заболеваний, приводящих к инвалидности и смерти;

• перенесшие тяжелые болезни и нуждающиеся в реабилитации;

• страдающие функциональными расстройствами.

ОМС предусматривает для таких больных бесплатные консультации врача, анализы и обследования, амбулаторное и стационарное лечение. При этом медицинский работник обязан информировать граждан, находящихся на учете, о порядке и периодичности диспансерного наблюдения, а также проводить диспансерный прием на дому, если гражданин не в состоянии сам посетить лечебное учреждение.

Пристальному вниманию врачей подлежат те, кто страдает хроническими неинфекционными заболеваниями, являющимися основной причиной смертности. К этой группе заболеваний относятся болезни системы кровообращения, злокачественные новообразования,сахарный диабет 2-го типа, хронические болезни органов дыхания.

**Какие врачи проводят диспансерное наблюдение?**

— Диспансерное наблюдение осуществляется в поликлинике по месту прикрепления врачом- терапевтом и врачами специалистами (невролог, кардиолог, гастроэнтеролог, онколог, аллерголог, эндокринолог, акушер-гинеколог, ревматолог, нефролог, пульмонолог и др.),а также фельдшером отделения медицинской профилактики или центра здоровья, фельдшером или акушером фельдшерско-акушерского пункта.

На каждом приеме врач оценивает состояние пациента, назначает необходимые обследования и проводит краткое профилактическое консультирование. Также уточняется диагноз и, при необходимости, проводится коррекция лечения.

Врач также обучает пациента навыкам контроля за своим состоянием и действиям, которые он должен предпринять в случае возникновения угрожающего жизни состояния.

**Сколько длится диспансерное наблюдение и как часто нужно приходить на прием?**

— Периодичность диспансерных приемов зависит от заболевания, которым страдает пациент. В среднем это 2-3 раза в год. Например, пожизненное наблюдение устанавливается при сердечно - сосудистых заболеваниях (периодичность приема не реже двух раз в год), предиабете (не реже раза в год), рецидивирующем и хроническом бронхите (раз в год), бронхиальной астме (1-3 раза в год), хронической болезни почек (4 раза в год). Пациентам, страдающим язвой желудка, также пожизненно нужно проходить осмотр раз в полгода, а при язве двенадцатиперстной кишки достаточно наблюдаться раз в год в течение пяти лет с момента последнего обострения.

**Как могут помочь страховые представители?**

— Страховые представители (сотрудники страховых медицинских организаций) информируют застрахованных о прохождении профилактических мероприятий, в т.ч. диспансеризации, профилактических осмотров, выясняют причины, по которым они не пройдены, повторно информируют застрахованных лиц о необходимости прохождения профилактических мероприятий. Помимо этого, контролируют оказание медицинской помощи и информируют о необходимости постановки на диспансерный учет и отслеживают ведение диспансерного наблюдения в случае наличия онкологических, сердечно-сосудистых и других хронических заболеваний.

Основная задача страховых представителей в области контроля диспансерного наблюдения — снизить риск осложнений, взаимодействуя с пациентом и помогая врачу. Связаться со страховым представителем можно по телефону страховой медицинской организации, указанному на полисе ОМС.

Необходимо помнить, что достичь высокой эффективности лечения можно только совместными усилиями врача и пациента. Приверженность лечению и регулярное посещение пациентом поликлиники для прохождения диспансерных приемов позволяют значительно снизить риск развития осложнений и обострений заболеваний.

# Внимание, Важные информации!



**ОГИБДД ОМВД России по Унцукульскому району призывает не нарушать ПДД, перевозить детей в детских удерживающих устройствах!**

Сохрани жизнь себе и своему ребёнку !!

В первом полугодии 2020 г.с участием детей-подростков в возрасте до 16 лет зарегистрировано 68 ДТП, в результате которых погибли 8 детей, а 73 получили ранения по сравнению с аналогичным периодом прошлого года.

Отмечается рост по количеству погибших детей на 60 % и снижение количества ДТП на 17 целых 1 %, а также числа раненых на 24 %, тяжесть последствий составила девять целых 9 %, то есть и 100 детей пострадавших ДТП, каждый 10-й получил смертельные травмы.

Всего с начала года в республике совершено 623 дорожных происшествий, в которых погибли 134, а получили ранения 827 человек.

# Будут публичные слушания

Уведомление о проведении публичных слушаний по рассмотрению проекта планировки и межевания территории линейного объекта «Строительство автомобильной дороги Н.Чиркей – Гимры через Бузна на участке км 0 – км 16,0 в Унцукульском районе Республики Дагестан».

Проводимые Администрацией МО «Унцукульский район» публичные слушания по рассмотрению проекта планировки и межевания территории линейного объекта «Строительство автомобильной дороги Н.Чиркей – Гимры через Бузна на участке км 0 – км 16,0 в Унцукульском районе Республики Дагестан» назначены на 21.09.2020 г. в 11:00.

Местом проведения публичных слушаний определить зал заседаний администрации МО «Унцукульский район» по ул. М. Дахадаева, 3, пос. Шамилькала, Унцукульский район, РД



# Авар миллатазул масъалаби

## (Санитариябгун культурияб рахъ борхизабизин)

Дунялалда гIатIидго тIибитIун буго, биценазда рекъон, квешал чагIаз хас гьабун - гIаламалъул къадар дагь гьабиялъе ургъараб коронавирусалъ багъаризабураб унти. Дагъистанги, эркенаб прессаялъул ва жамгIиял хIаракатчагIазул баяназда рекъон, Россиялда унти тIибитIиялъул рахъалъ «бищунго церетIурал» регионазда гьоркьоб буго. Аллагьасе рецц, гьанже унти нахъ бекун буго ва биценазда рекъон, кватIичIого карантин бахъулин абулеб буго. Нижер мурад гьечIо унтул рахъалъ лъугьараб ах1вал – хIал квеш бугилан бихьизаби яги гьеб рахъалъ чиновниказул ва тохтурзабазул хIалтIуде рагIад рехизаби. БичIчIула ва лъала гьез, ругел шартIазда ва ресазда рекъон гIадамал цIуниялъеги унти гъукъиялъеги рес бугебщинаб гьабуна. Баркала буго гьезие. Амма, бугоха жалго гIадамаз хадубккунги жидеде кIвар кьезе кколел ва сахлъи цIуниялъе хIалтIизаризе рес бугел рахъал. Гьезул аслияблъун ккола рацIа - ракъалъи цIуниялъулъ мухIканлъи букIинаби. РачIа ракI рагьун мукIурлъилин: какие чурулаго яги квен хIадурулаго, къанагIат бугониги, сапунгун лъеца кверал чури нилъер бук1унищ! РакIалде щвезабила кIиго соналъ цебе кьараб ва жинца битIахъе ракI гьанцIизабураб цо лъугьа-бахъин: Пуланаб магIарул районалъул кIудияб росулъ тIобитIулеб букIана машгьурав ракь цоясул юбилей. Гьеб лъугьа - бахъин данде ккана рузман къоялде. 500 чи гIахьалъараб рузманалъул заманалда, мажгиталъуб какие чурулеб бакIалда гьечIоан сапун яги жинца полоп базабулеб цогидаб сурсат… Дица гьелъул хIакъалъулъ бицен гьабуна тадбиралде гьоболлъухъ вачIарав медицинаялъул гIелмабазул кандидатасул даражаялда вугев врачасулгун. Гьесул жавабалъ дун битIахъе хIикмалъизавуна: «Аллагьасул лагъасе рацIцIалъиялъул гьеб даража гIолеб батани нилъеда гIайиб щиб?» - абураб.

Рорхатал пикрабазда вугев гьев гъаримасда кIочон бугоан живго медицинаялъул хIалтIулхъан кколевлъи. ГьединлъидаI, ТIадегIанав Аллагьасул цIаралда нахъаги вахчун, тохтур хIисабалда ах1вал – хIалалда битIараб къимат кьунгутIи телин гьесул жиндирго ва махщалил намус-яхIалда бухьинеги гьабун... ПIалимзабазги гIицIго лъагIалил ахиралде гурони коронавирусалде данде чIараб мухIканаб дарманги букIине гьечIилан абулеб мехалъ, кинаб гIакълуха нилъецa гIадатиял гIадамазе кьезе кколеб? БитIараб буго, мискинав магIарулав, ТIадегIанав Аллагьасде хьулги гьабун, сундулго рахъалъ рацIа-ракъалъиги цIунун ва унтул тIоцересел гIаламатал загьирлъаралго, тохтурасухъе ине ккела. БатIияб нух нилъееги гьечIо. Амма, нилъер рес бугебищха хъизаназул рукIа-рахъиналда ва къватIахъ рацIа – ракъалъи цIуниялъул иш щибаб росулъ лъикI бугилан абизе? ГьечIо! Ва къватIиса вачIарав гьобол хIисабалда, мугIрузул районазда рихьулел ва лъалел квешал хIужаби рехсолев гьечIо дун. Амма, бокьун буго «Щибдай нилъеца гьабизе ккела чIван къотIун халкъалъул санитарияб культура борхизабиялъе?»- ян газета цIалулезе суал кьезе.

Рагьила дирго хассаб пикруги: киналго сурсатаздаса пайдаги босун, хIажат буго халкъалда гьоркьоб, хасго гIадатиял гIадамазда жаниб бичIчIи кьеяльул хIалтIи чIаголъизабизе. Гьеб ишалъулъ тIоцебесеб иргаялда бихьулеб бутIа лъезе ккола медицинаялъул ва культураялъул хIалтIулхъабаз, мажгитазул имамзабаз, учительзабаз ва цогидалги лъай бугел тIолалго гIадамаз.

Черх щулалъизабизе рукъалъул шартIазда унтаби сах гьаризе, рес кьолел бищунго гIадатиял дараби хIалтIизаризин: лъим, чай, ражи-пер, гьоцIо, цIам, сода, рокьоб хIадурараб къанцIа ва гь. ц. РачIа рацIа - ракъалъи цIунизе ругьунлъизин.

**ГIалисултIан ГъазимухIамадов,
«АВАРИСТАН» жамгIияб гIуцIиялъул нухмалъулев.**

# В районе провели акцию «Триколор»



На днях в России официально отпраздновали День Российского Флага. Флаг является символом государственности, связанным с историей нашей страны.

К этому дню по всей республике прошли различные мероприятия. В Унцукульском районе отдел по делам молодежи, спорта и туризма совместно с волонтерами провели акцию «Триколор», которая заключалась в раздаче волонтерами ленточек триколор на проходных точках.

История флага нашей страны начинается в 17 веке. Впервые полотнище с тремя полосами было поднято в России при правлении Алексея Михайловича на одном из первых кораблей «Орел» в 1667 году. Но утвержден флаг был в 18 веке при Петре Первом.

Национальным же символом России триколор стал только при Николае II в 1896 году. Однако с приходом большевиков флаг поменялся на красное полотнище. Прежний флаг вернули в 1991 году.

Для россиян флаг – это символ независимости, защиты, державности, единства. В этот день по всей России проходят масштабные мероприятия, концерты, конкурсы, акции, флешмобы, выставки, мотопробеги.

ГIаданлъиялъул хIакъалъулъ рагIи

# ГIаданлъиялъи лъугIун букIун гьечIо

ГIаданлъи лъугIараб, яхI – намус тIагIараб гьаб заманаялда гьелъул гьитIинаб къадар бихьаниги ракI бохичIого хутIуларо. Абулелъул ха Къиямасеб Къо щвей гIагарлъулин гIадамазда гьоркьоса гIаданлъи лъугIараб, гIалхуллъи гьезулъ бергьараб мехалъ, - абун.

ГIаданлъи гIадамазда гьоркьоса лъугIун гьечIолъи бихьана гьал къоязда Унсоколо росулъ цIа ккедал, сундухъго балагьичIого росдал гIадамаз гьеб авал къоноялдего тIибитIизе рес бугеб баллагь нахъ чIвараб куц бихьараб мехалъ. Амма гIадамазул къуваталъ гьениб гьабизе кIолеб жо гIемераб букIинчIо цо гIолилалъ хехго пикру хIалтIизабичIебани. Унсоколое эбелалъухъе щвезе ячIарай Зарема ГIабдулмежидовалда бихьана банкалъул азбаралъуб бугеб гостиницаялъе бараб гьитIинаб минаялда цIа рекIун. ЙихичIого гIолилалъ интернеталда балагьана МЧСалъул номер, кьурана гьеб, жаваб кьуна «Россиялъул МЧС» - абун. ГIолилалъ дежурниясда бицана Дагъистаналда Унсоколо росулъ банкалъул минаялда аскIоб цIа рекIун бугин, лъедалъун кумек гьабе, - ян.



Заманго иналде рачIана лъел цIураб МЧСалъул машиналда районазда гьоркьосеб цIа свинабулезул къокъа. Гьединго росдал мажгиталдасан ахIи бан букIиналъ кинабго рахъалдасан чвахун бачIине лъугьана гьенибе гIалам. Гьез кьералъ чIун мадугьалзабазул хIорахъа, иццахъа, ведрабаз баччунги тIуна гьелегьараб цIадуде лъим. Кинго квер базе кIолареб цIадуца нух бахъулеб букIана мадугьалзабазул рукъзабахъе, аскIобго бугеб казначействалъул, цебе райОНО букIарал минабахъе. Ансадерил гIолохъабазул чIагояб щиталъ ва цIа свинабулезул хIаракаталъ гьеб авал – къоноялъе зарал ккечIого свинабизе кIвана. Лъел лъабго машина бачIана гьеб сордоялъ цIа свинабизе.

Жакъа ракI - ракIалъ баркала загьир гьабизе бокьун буго гIолилай Зарема ГIабдулмажидовалъе, ансадерил гIолохъабазе ва цIа свинабулеб къокъаялъе жигараб хIаракаталъухъ.

**Аллагьас баллагьалдаса, цIадудаса, унтудаса цIунаги нуж киналго!**

**ЦIа ккараб бакIалъул мадугьаллъи.**

Газета основана 1937 г.

УЧРЕДИТЕЛЬ:
Администрация Унцукульского района

Главный редактор

КЕБЕДМАГОМЕДОВА САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВНА

Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД

Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г.

Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.

Адрес редакции:
51373
Унцукульский район
п. Шамилькала
ул. М. Дахадаева 3
Телефон редактора
89896522856
sadovoduns@yandex.ru
398940

Адрес издателя и типографии
г. Махачкала
«Дом печати» ул. Акушинского 21

Подписано в печать - 26.08.20 г. 17.15
фактически -18. 00 мин.
.......................................

Газета выходит 52 раз в год
на аварском и русском языках
Тираж - 1000 экз.